

## DEZYÈM LÈT JEAN

<sup>1</sup> Ansyen an k ap ekri madanm chwazi a, ansanm ak ptit li yo, ke mwen renmen anverite; pa mwen sèlman, men tout sila ki <sup>◊</sup>konnen laverite yo,

<sup>2</sup> pou koz laverite a, ki rete nan nou, e ki va <sup>◊</sup>avèk nou jis pou tout tan:

<sup>3</sup> <sup>◊</sup>Lagras, mizerikòd, ak lapè va avèk nou, ki sòti nan Bondye, Papa a, ak Senyè a Jésus Kri, Fis a Papa a, nan verite, ak nan lamou.

<sup>4</sup> <sup>◊</sup>Mwen te tèlman kontan pou twouve kèk nan timoun ou yo ki t ap mache nan laverite a, jis jan ke Papa a te kòmande nou fè a.

<sup>5</sup> Konsa, koulye a mwen mande ou, madanm, <sup>◊</sup>pa tankou mwen t ap ekri yon kòmandman tounèf, men menm sila ke nou te gen depi nan kòmansman an, pou nou renmen youn lòt.

<sup>6</sup> Men <sup>◊</sup>sa se lanmou, pou nou mache selon kòmandman Li yo. Sa se kòmandman an, jis jan ke ou te tande li <sup>◊</sup>depi nan kòmansman an, pou ou ta mache nan li.

<sup>7</sup> Paske <sup>◊</sup>anpil sediktè <sup>◊</sup>gen tan antre nan mond lan, sa yo ki pa rekonèt ke Jésus Kri te vini nan lachè a. Sila a se sediktè a, ak antikris la.

---

<sup>◊</sup> **1:1** Jn 8:32    <sup>◊</sup> **1:2** Jn 14:16    <sup>◊</sup> **1:3** Wo 1:17    <sup>◊</sup> **1:4** Jn 3:3

<sup>◊</sup> **1:5** I Jn 2:7    <sup>◊</sup> **1:6** I Jn 5:3    <sup>◊</sup> **1:6** I Jn 2:7    <sup>◊</sup> **1:7** I Jn 2:26

<sup>◊</sup> **1:7** I Jn 2:19

**8** Veye nou menm <sup>◊</sup>pou nou pa pèdi sa ke nou gen tan fin reyalize a, men pou nou resevwa tout rekompans lan.

**9** Nenpòt moun ki fin ale byen lwen e ki <sup>◊</sup>pa kontinye nan doktrin Kris la, pa gen Bondye. Sila ki rete nan doktrin nan, li gen ni Papa a, ni Fis la.

**10** Si nenpòt moun vini a nou, ki pa pote doktrin sila a, <sup>◊</sup>pa resevwa li nan kay nou, e pa menm salye li,

**11** paske sila ki salye li a <sup>◊</sup>patisipe nan zak malveyan li yo.

**12** <sup>◊</sup>Malgre ke mwen gen anpil bagay pou m ta ekri nou, mwen pa vle fè sa avèk papye ak lank; men mwen espere ke m va vini a nou menm pou nou pale fasafas, jis pou jwa nou kapab vin akonpli.

**13** Pitit a <sup>◊</sup>sè chwazi yo salye nou. Amen

## Bib Sen An

### The Holy Bible in Haitian Creole, 2023 update

copyright © 2017-2023 Ron Smith

Language: Kreyòl Ayisyen (Haitian)

Translation by: Ron Smith

Contributor: Felix Nixon

This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution Share-Alike license 4.0.

You have permission to share and redistribute this Bible translation in any format and to make reasonable revisions and adaptations of this translation, provided that:

You include the above copyright and source information.

If you make any changes to the text, you must indicate that you did so in a way that makes it clear that the original licensor is not necessarily endorsing your changes.

If you redistribute this text, you must distribute your contributions under the same license as the original.

Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

Note that in addition to the rules above, revising and adapting God's Word involves a great responsibility to be true to God's Word. See Revelation 22:18-19.

2025-04-09

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 15 May 2025 from source files dated 15 May 2025

10d5899e-31c7-5009-983b-ffc4788d2e5b